



Nim. 202.2

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinite sispansyon tanporè ak modifikasyon lwa yo ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la;

LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka ki gen pou wè avèk vwayaj ni transmisyon COVID-19 pa kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa ap kontinye toujou;

LÈ NOU KONSIDERE, pou fasilite repons ki pi apwopriye ak pi efikas pou katastwòf ijans COVID 19 la, li enpòtan pou Eta New York kapab ajè vit pou rasanble, kowòdone, ak deplwaye machandiz, sèvis, pwofesyonèl ak volontè tout kalite; ak

KOUNYE A, KIDONK, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, dapre otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B Lwa Egzekitif ban mwen pou sispann oswa modifye pwovizwaman nenpòt ki lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa kèk pati nan, nenpòt ki ajans pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a, si li an konfòmite avèk stati sa yo, lwa lokal yo, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman ta ka anpeche, antrave, oswa retade aksyon ki nesèsè pou fè fas ak ijans nan katastwòf oswa si sa nesèsè pou asiste oswa ede fè fas avèk katastwòf sa, mwen prezantman sispann oswa modifye li pwovizwa, apati peryòd dat Dekrè Egzekitif sa rive jiska 17 avril 2020, men sa ki annapre yo:

- Seksyon 6512 jiska 6516, ak 6524 nan Lwa sou Edikasyon (Education Law) an ak Pati 60 nan Tit 8 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt doktè ki lisansye ak ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini an pou yo egzèse medsin nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Seksyon 6502 nan Lwa sou Edikasyon ak Pati 59.8 nan Tit 8 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt doktè ki lisansye ak ki an règ nan Eta New York men ki pa anrejistre nan Eta New York pou yo egzèse nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Seksyon 6512 jiska 6516, ak 6905 ak 6906 ak 6910 nan Lwa sou Edikasyon an ak Pati 64 nan Tit 8 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt enfimyè ki anrejistre, enfimyè pratikan ki lisansye ak ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini an pou yo egzèse medsin nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Seksyon 6512 jiska 6516, ak 6541 nan Lwa sou Edikasyon ak Pati 60.8 nan Tit 8 nan NYCRR 8 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt asistan doktè ki lisansye epi ki an règ nan nenpòt eta nan Etazini an pou yo egzèse medsin nan Eta New York san pèn sivil oswa kriminel ki gen rapò ak absans anrejistreman an;
- Seksyon 400.12 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt yo transfere pasyan ki afekte nan ijans katastwòf la pou resevwa enstalasyon Atik 28 jan Komisè Sante a otorize;
- Seksyon 415.11 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt mezon retrèt yo k'ap resevwa moun ki afekte nan ijans katastwòf la pou fè evalyasyon konplè rezidan sa yo tanporèman ki evakye nan mezon retrèt sa yo le pli vit ke posib apre admisyon yo oswa renonse evalyasyon sa yo pou moun yo retounen nan enstalasyon kote yo te evakye yo a;
- Sibdivizyon b nan seksyon 415.15 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt mezon retrèt yo k'ap resevwa moun ki afekte nan ijans katastwòf la pou gen apwobasyon medsen pou admisyon le pli vit ke posib apre admisyon yo oswa renonse apwobasyon sa yo pou moun yo retounen nan enstalasyon kote yo te

evakye yo a;


- Sibdivizyon i nan seksyon 415.26 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt mezon retrèt yo k'ap resevwa moun ki afekte nan ijans katastwòf la pou respekte pwosedi admisyon yo le pli vit ke posib apre admisyon yo oswa renonse pwosedi sa yo pou moun yo retounen nan enstalasyon kote yo te evakye yo a;
- Paragraf 2 nan divizyon g nan seksyon 763.4; paragraf 7 ak 8 nan divizyon h nan seksyon 763.4; paragraf 2 nan divizyon a nan seksyon 766.5; ak paragraf 1 nan divizyon d nan seksyon 766.5 nan Tit 10 nan NYCRR, nan limit ki nesèsè pou pèmèt ajans sante adomisil ki sètifye yo, pwogram swen sante adomisil alontèm, pwogram swen kont SIDA adomisil, ak ajans sèvis mezon retrèt lisansye ki sèvi moun ki afekte nan ijans pou katastwòf la pou fè sipèvizyon lakay ou pou èd sante adomisil ak pou èd swen pèsònèl adomisil le pli vit ke posib apre premye sèvis vizit la, oswa pou pèmèt sipèvizyon an pèsòn ak sipèvizyon apati lakay yo atravè tout mwayen dirèk, tankou pa telefòn oswa kominikasyon atravè videyo;
- Sibdivizyon a seksyon 763.5 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt premye vizit pasyan pou ajans sante adomisil ki sètifye, pwogram swen sante adomisil alontèm, pwogram swen kont SIDA adomisil k'ap sèvi moun ki afekte nan ijans nan katastwòf yo dwe fèt nan 48 èdtan apre resepsyon ak akseptasyon yon referans kominotè oswa retounen yo lakay yo nan plasman enstitisyonèl;
- Seksyon 403.3 ak 403.5 nan Tit 10 nan NYCRR la, pou pwolonje nan tan kote antite sèvis swen adomisil yo dwe soumèt enfòmasyon bay Rejis Travayè Swen Adomisil la (Home Care Worker Registry, HCWR);
- Seksyon 358-4.3, 358-5.12 ak 358-5.13 nan Tit 18 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt oswa egzije prezans nenpòt pati nan yon odyans ekritab pa ekri, telefòn, videyo oswa lòt mwayen elektwonik yo;
- Seksyon 2999-h ak 2999-j nan Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law, PHL), nan limit ki nesèsè pou ranbouse moun ki enskri nan Fon Idanmnite Medikal (Medical Indemnity Fund) yo, nan rezidans prensipal kote yon rezidan te gen COVID-19 oswa te ekspoze a COVID-19, pou depans ki gen rapò ak netwayaj ak dezenfeksyon nan rezidans prensipal sa yo, nan diskresyon Komisè Sante a;
- Seksyon 2805-k Lwa sou Sante Piblik ak seksyon 405.4, 405.5, 405.9, 405.14, 405.19, ak 405.22 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt anplwaye ki gen konpetans pwofesyonèl nesèsè epi ki gen privilèj ak kalifikasyon pou yo travay nan yon etablisman an konfòmite avèk seksyon sa a nan Lwa sou Sante Piblik ak seksyon sa yo nan NYCRR la, oswa ki gen privilèj ak kalifikasyon pou travay nan yon etablisman nan yon lòt eta an konfòmite avèk lwa ak règleman ki aplikab nan lòt eta sa a, pou egzèsè nan yon etablisman nan Eta New York;
- Pati 405 nan Tit 10 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou adopte règleman ak pwosedi ki egziste yo nan yon lopital jeneral nan yon nouvo etablisman tanporè ki te kreye nan objektif pou trete pasyan yo pandan epidemi COVID-19 la;
- Nenpòt kòd ki gen rapò ak konstriksyon, konsèvasyon enèji, oswa lòt kòd batiman, ak tout lwa eta ak lokal, òdonans, ak règleman ki gen rapò ak administrasyon ak respekte sa ki ekri pi wo a, nan limit ki nesèsè pou pèmèt, sou apwobasyon Komisè Sante a oswa Komisè OPWDD a, jan sa aplikab, chanjman tanporè nan rezo fizik la, kapasite kabann yo, ak sèvis yo bay yo; konstriksyon lokasyon ak ekstansyon lopital tanporè; ogmantasyon nan ak/oswa depase limit kapasite yo sètifye yo; ak etablisman lokasyon ak ekstansyon lopital tanporè;
- Pati 425 nan Tit 10 NYCRR la ak seksyon 461-k Lwa sou Sèvis Sosyal (Social Services Law), nan limit ki nesèsè pou anpeche transpò ak prezante nan pwogram gadri pou granmoun, jiskaske Komisè Sante a otorize sa a;
- Seksyon 16.17 nan Lwa sou Ijyèn Mantal (Mental Hygiene Law), nan limit ki nesèsè pou anrejistre Biwo Moun ki gen Andikap Devlopmanal (Office of People with Developmental Disabilities) pou yo pran mezi ijans pou sispann oswa limite sètifika fonksyonman pou yon founisè;
- Seksyon 633.12 ak 636-1 nan Tit 14 nan NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou tanporèman devye nan plan sèvis yon moun, ki ta otreman prezante patisipasyon li nan pwogramasyon jounalye ak lòt sèvis ki baze nan kominote a, ak nan limit ki nesèsè pou deplase moun yo tanporèman, pou kapab kenbe sante ak sekirite moun sa yo pandan peryòd ijans sa a ak nan limit ki nesèsè;
- Seksyon 33.02 ak 33.05 nan Lwa Ijyèn Mantal ak seksyon 633.4, 636-1.4 ak 633.16 nan Tit 14 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou mete restriksyon sou vizitè yo nan lokal ki sètifye dapre Atik 16 nan Lwa Ijyèn Mantal ak pou epoze restriksyon pwomnad sou kominote pou rezidan nan etablisman sa yo pou diminye pwopagasyon COVID-19 la;
- Seksyon 633.8 ak 633.14 nan Tit 14 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou pèmèt fòmasyon abreje pwofesyonèl sipò dirèk yo anplwaye nan pwogram ak etablisman ki sètifye dapre Atik 16 nan Lwa sou Ijyèn Mantal ki fè fas ak mank anplwaye;
- Seksyon 633.17 ak 633.14 nan Tit 14 NYCRR la, nan limit ki nesèsè pou enpoze fòmasyon abreje pwofesyonèl sipò dirèk yo anplwaye nan pwogram oswa etablisman ki sètifye dapre Atik 16 nan Lwa sou

Ijyèn Mantal;

- Seksyon 390-b nan Lwa ak règleman sou Sèvis Sosyal nan seksyon 413.4 ak 415.15 nan Tit 18 NYCRR la, nan mezi ke stati ak règleman sa yo etabli egzijans verifikasyon istorik pou gadri timoun;
- Seksyon 390 nan Lwa sou Sèvis Sosyal nan mezi ke seksyon lwa sa a entèdi pwogram gadri pou timoun ki gen laj pou ale lekòl ki opere pa yon lekòl oswa yon antite ki gen eksperyans ki bay swen pou timoun epi ki sitiye nan yon lekòl ki bay edikasyon primè oswa segondè ki konfòme li ak règleman Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an (Office of Children and Family Services) ;
- Sibdivizyon 7 nan seksyon 590 ak sibdivizyon 2 nan seksyon 607 nan Lwa sou Travay (Labor Law) la, nan mezi ke yo gen rapò ak peryòd datant pou moun ki fè reklamasyon asirans chomaj ki gen reklamasyon pou asirans chomaj ki pwodui ak fèmti yon patwon pou yon rezon ki gen rapò ak COVID-19 la oswa akòz nan yon lòd obligatwa ki soti nan yon antite nan gouvènman ki otorize pou bay lòd pou fèmti patwon sa, apati 12 mas 2020;
- Sibdivizyon b nan seksyon 708 nan Lwa sou Kòporatif Biznis (Business Corporation Law) la nan limit ki nesèsè pou pèmèt kòporatif biznis yo pran nenpòt mezi otreman seksyon sa a pèmèt avèk konsantman elektwonik manm konsèy la oswa komite a, lè yo soumèt konsantman sa ansanm ak enfòmasyon sa atravè imèl elektwonik kote yo ka detèmine yon fason rezonab ke manm sa te otorize transmisyon an;
- Seksyon 65(13)(b) ak 66(12)(f) nan Lwa sou Sèvis Piblik (Public Service Law, PSL) nan limit kote yo prevwa odyans piblik anpèsòn, depi ke odyans sa yo ap fèt atravè apèl konferans oswa mwayen elektwonik ki similè, ki anrejistre epi transkri apre;
- Seksyon 165 (1) nan Lwa sou Sèvis Piblik ("PSL") nan limit pou mentni odyans deklarasyon piblik, depi ke piblik la kapab depoze kòmantè ekri nan nenpòt ka ki sijè a Atik 10 PSL la jiskase yo bay yon dekrè final; ak
- Seksyon 123 (1) nan Lwa sou Sèvis Piblik ("PSL") nan limit la kenbe odyans deklarasyon piblik, bay ke piblik la kapab depoze kòmantè ekri nan nenpòt ka sijè a Atik VII PSL la jiskase yo bay yon dekrè final.

ANPLIS DE SA, dapre otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen pou pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans nan sitiasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen pibliye direktiv annapre yo pou peryòd ki soti nan dat Dekrè Egzekitif la rive 17 avril 2020:

- Yo dwe ranvwaye nenpòt ki eleksyon vilaj ki etabli pou fèt 18 mas 2020 an api nenpòt ofisyèl eli ki an fonksyon nan pozisyon sa yo dwe rete nan pòs yo jiskaske yon nouvo eleksyon fèt.
- Antre anvigè 19 mas 2020 a 8 p.m, tout pòsyon anndan oswa pòsyon komen sant komèsyal yo vann an detay ki gen plis pase 100,000 pye kare nan espas pou vann an detay ki disponib pou kontra lwaye dwe fèmen epi sispann aksè a piblik la. Nenpòt magazen ki sitiye nan sant komèsyal yo, ki gen pwòp antre ekstèn yo ki ouvè a piblik la, ki separe de antre jeneral sant komèsyal la, ka rete ouvè, sijè a egzijans ki nan Dekrè Egzekitif 202.3 ke nenpòt restoran dwe limite tèt nan pote ale oswa nan livrezon sèvis manje, e ke nenpòt antre enteryè nan zòn komen yo nan sant komèsyal la dwe rete fèmen epi lokalize.
- Anplis de sa, tout lye amizman piblik yo, si wi ou non andedan oswa deyò, ki gen ladan men pa limite a, lye amizman manèj, karnaval, pak amizman, pak dlo, akwaryòm, zoo, akad, fwa, sant jwèt pou timoun, funplexes, pak tèm, koridò bowling, atraksyon fanmi ak timoun yo dwe parèyman fèmen a piblik la 19 mas a 8 p.m. Direktiv sa a pa dwe aplike pou pak piblik ak zòn lwazi ouvè yo.
- Malgre seksyon 24 nan Lwa Egzekitif la, pa gen okenn lokalite oswa sibdivizyon politik ki dwe bay nenpòt ki dekrè ijans lokal oswa dekrè egzekitif ki gen rapò ak repons kont COVID-19 la san apwobasyon Depatman Sante Eta a.



SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, dizuityèm jou mwa mas nan

ane de mil ven.